

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kecap panyambung dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-1012 pikeun bahan pangajaran nulis. Déskripsina ngawengku fungsi jeung harti kecap panyambung katut bahan pangajaranana. Dumasar kana analisis data anu geus dipedar, aya sababaraha hal nu perlu dicindekkeun ngeunaan kecap panyambung jeung bahan pangajaranana.

Kecap panyambung nya éta kecap anu gunana pikeun nyambungkeun wangun katatabasaan nya éta nyambungkeun kecap jeung kecap, frasa jeung frasa, klausa jeung klaus, kalimah jeung kalimah, paragraf jeung paragraf sangkan ngawangun kontruksi anu leuwih jembar. Tina hasil analisis data, kapanggih aya 38 rupa kecap panyambung nya éta: (1) anu, (2) atanapi, (3) atawa, (4) basa, (5) da, (6) jadi, (7) jeung, (8) kanggo, (9) keur, (10) kituna, (11) ku lantaran, (12) ku sabab, (13) lamun, (14) lantaran, (15) matak, (16) nepi ka, (17) ngarah, (18) nu, (19) padahal, (20) pédah, (21) pikeun, (22) sabab, (23) sabada, (24) sakumaha, (25) salila, (26) saperti, (27) siga, (28) saméméhna, (29) sanajan, (30) sanggeus, (31) sangkan, (32) sareng, (33) supaya, (34) tapi, (35) terus, (36) tuluy, (37) waktu (38) yén, kalayan frekuensi makéna aya 672 kali. Kecap panyambung anu panglobana muncul nya éta kecap panyambung *sareng* frékuensi makéna nya éta aya 126 kali sedengkeun kecap panyambung anu pangsaeutikna muncul nya éta


ku kituna, yén, ngarah, sakumaha, siga jeung saperti, frékuénsi makéna ukur sakali.

Tina hasil analisis data, disawang tina fungsina kecap panyambung anu kapanggih aya tilu rupa nya éta : (1) sumélér (*subordinatif*), (2) satata (*koordinatif*) jeung, (3) anteuran.

Fungsi kecap panyambung sumélér téh mangrupa kecap panyambung anu panglobana muncul, ari anu dimaksud kecap panyambung sumélér nya éta kecap panyambung anu nyambungkeun babagian kalimah anu teu satata, antara indung kalimah (klausa lulugu) jeung sélér kalimah (klausa sélér). Kecap panyambung sumélér (*subordinatif*) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 téh aya 27 rupa ari frékuénsi makéna 335 kali. Fungsi kecap panyambung satata (*koordinatif*) téh mangrupa kecap panyambung kadua panglobana muncul sanggeus kecap panyambung sumélér (*subordinatif*), ari anu dimaksud kecap panyambung satata (*koordinatif*) téh nya éta anu nyambungkeun babagian kalimah anu satata. Ari cicingna aya di tengah frasa atawa dua klausa bébas. Kecap panyambung satata (*koordinatif*) anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 téh aya 8 rupa ari frékuénsi makéna 307 kali. Fungsi kecap panyambung anteuran téh mangrupa kecap panyambung pangsaeutikna muncul, ari anu dimaksud kecap panyambung anteuran téh nya anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina alinéa atawa paragraf. Kecap panyambung anteuran anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 téh aya 3 rupa ari frékuénsi makéna 30 kali.

Harti kecap panyambung anu kapanggih dina Karangan Narasi Siswa Kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 téh aya 15 rupa, di antarana: hubungan waktu (*témporal*) lobana 6 rupa, jumlah (*aditif*) lobana 2 rupa, pangécés (*restriktif*) 2 rupa, tumuluy (*kontinuatif*) lobana 2 rupa, guna (*bénéfisial*) lobana 3 rupa, lalawanan (*atitétik*) lobana 2 rupa, pamilih (*alternatif*) 2 rupa, tujuan (*purposif*) lobana 3 rupa, sabab (*kausatif*) lobana 6 rupa, panyindek lobana 3 rupa, akibat (*konsékutif*) lobana sarupa, pertélaan (*kuotatif*) lobana sarupa, sarat (*kondisional*) lobana sarupa, hasil (*resultatif*) lobana sarupa, jeung babandingan (*similatif*) lobana 3 rupa.

Bahan pangajaran kecap panyambung téh ngawengku fungsi jeung hartina, sedengkeun ambahan bahan panganjaran ngawengku cutatan, pedaran jeung latihan.



5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan dina karangan narasi siswa kelas IX-D SMP Pasundan 3 Bandung pikeun bahan pangajaran nulis, aya sababaraha saran anu hayang di tepikeun, nya éta saperti ieu di handap.

1. Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan fungsi jeung harti kecap panyambung katut bahan pangajaranana pikeun murid SMP, tapi ieu panalungtikan téh kakara ngeunaan fungsi jeung harti, ku kituna perlu aya panalungtikan deui ngeunaan kecap panyambung anu leuwih jembar, misalna waé bisa ngawengku distribusi kecap panyambung ku cara ujicoba langsung ka siswa anu.
2. Perlu ayana panalungtikan kecap panyambung anu leuwih jembar salian ti kaparigelan nulis, misalna waé dina kaparigelan nyarita. Tujuanna pikeun menangkeun informasi kamampuh barudak dina ngalarapkeun kecap panyambung dina kahirupan sapopoé .
3. Dina nepikeun bahan pangajaran kecap panyambung, guru dipihareup kudu bisa milih bahan pangajaran kecap panyambung luyu jeung waktu nu disadiakeun.
4. Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun acuan pikeun nepikeun bahan pangajaran kecap panyambung di sakola ngaliwatan média tinulis.